

La Bib pou ti moun
prézanté

David ti gadò
mouton
(bèje) an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Sa genyen lontan, nan epòk Sayil, wa Izrayèl la, yon ti gason yo te rele David ki te konn ap ede sèt frè li yo siveye twoupo papa li yo. Malgre li te jèn, David se te yon ti gason fò ak brav ki te renmen Bondye. Li te rete nan vil Betleyèm.



Yon jou, gen yon lyon ki te atake twoupo a pou li te ka pran yon ti mouton. Ti David te atake lyon an. Li te

pran ti mouton an, li te kenbe lyon an nan krinyè l epi li te touye l. David te rekonèt Bondye te ede li.



Samyèl, pwofèt Bondye a, te regrèt wa Sayil te dezobeyi Bondye. "Kilè w ap sispann kriye pou Sayil ?" Bondye te repwoche li. "M ap voye w kote Izayi, paske mwen wè nan pitit gason li yo yonn mwen vle pou wa." Izayi se te papa David.



Malgre li te konnen wa
Sayil te kapab touye l
paske li t ap chèche yon lòt
wa, pwofèt la te obeyi
Bondye.





Lè Samyèl te rive, Izayi
te fè sèt nan pitit
gason li yo pase devan l.
Epi Samyèl te di Izayi :
"Letènèl pa chwazi
moun sa a." Te rete
David, ki t ap fè mouton
yo manje. Yo te fè li
vini, epi Letènèl di
Samyèl : "Leve , beni li,
paske se li menm !"




Nan palè Sayil la, Lespri Letènèl la te kite Sayil, epi li te vin tounen yon nonm ajite. Sèvitè li yo te panse mizik ta kapab kalme li. Youn ladan yo te konnen yon


jèn gason ki te konn jwe hap byen. Kiyès jèn gason sa a te ye ? Wi, David.



Mizik David la te kalme Sayil
epi li te ede l reflechi. Sayil te
mande Izayi pou li kite David
rete pou l sèvi wa a. Chak fwa
Sayil te genyen yon kriz
depresyon oswa laperèz, David
te jwe hap pou kalme li.



Aprè David te retounen lakay li, Sayil te gen yon batay ak Filisten yo. Frè David yo te nan lame Sayil la. Izayi te voye David al pote manje bay frè li yo epi pou li pran nouvèl yo.




Yon gwo jeyan Filisten, Golyat, te fè tout sòlda
Izrayelit yo pè.



Golyat te rele byen fò, "Chwazi yon nonm pou desann vin jwenn mwen ! Si li ka bat mwen epi touye m, n ap vin sèvi nou ; men si mwen touye li, izrayelit y ap vin sèvi nou." Lè Sayil ak tout pèp Izrayèl la te wè epi tandè jeyan an, yo gwo laperèz te anvayi yo.



Lè sa a, David di Sayil : "Pinga pèsonn dekouraje
akoz Filisten sa a ! Sèvitè w la pral goumen avèk li."
Sayil te vle pou David mete yon boukliye ak pote yon
epe. Men, David te pito pran fistibal li ak senk wòch
poli nan ti ravin lan.



Golyat te meprize li lè l te wè ti David pa te menm
genyen boukliye sou li. "M ap bay zwazo nan syèl la
ak bèt nan bwa yo chè w," li te gwonde. "Mwen ap


make sou ou nan non
Letènèl ki gen tout
pouvwa a," David te
reponn. "Jodi a
Letènèl ap livre w nan
men m. Paske viktwa
a se pou Letènèl."




Se konsa, David
te kouri sou
Golyat. Pandan li
t ap kouri a, li te
voye yon wòch ak
fistibal li a dwat
nan fwon Golyat.
Li te tonbe !




David byen vit te rale epe Golyat la nan fouro li epi
li te koupe tèt li. Lè Filisten yo te wè ewo yo a te
mouri, yo te fui.




Wa Sayil pa te sonje ankò se menm David sa a ki t
ape kalme l ak hap li a. Li te mete David nan tèt lame
li a — men li te vin jalou lè pèp la t ap fè lwanj pou
viktwa David yo. "Sèl sa li
manke kounye a se wayòm nan !"
Sayil t ap panse, epi li te gade
David ak mefyans depi jou sa a.



Lespri Sayil te boulvèse ankò. Enpi David te jwe mizik pou kalme li. Sayil te tire lans li a twa fwa dèyè David, men David te eskive li tout twa fwa yo.



Sayil te pè David paske li te konnen Lespri Letènèl la te avèk li, men li te kite Sayil.



Men Jonatan, pitit gason Sayil la, te renmen David tankou yon frè. Li te avèti David, "Papa mwen Sayil vle touye w." Kidonk David te fui. Madanm li, Mikal, te vlope yon po kabrit sou kabann nan epi li te fè David desann nan fenèt la nan mitan lannuit la. Lè Sayil te vini, David te gentan ale.



David te oblije fui ale byen Iwen Sayil. Anvan sa, li
menm ansanm ak Jonatan te fè yon alyans. Yo te
pwomèt pou yo ede youn lòt. De zanmi yo te di
orevwa avèk tristès. David te dwe jwenn yon kote
pou li te ka rete san l pa pè pou sòlda Sayil yo
ta kapab

jwenn li.



David ti gadò mouton (bèje) an
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

1 Samyèl 16-20

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisté, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résisté priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisté ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

